


# Egzije dwa w pasyan


Moun nan dwe genyen enfòmasyon alè epi konpreyansib sou eta sante li.



Moun nan dwe resevwa yon tretman ki diy epi respekte vi prive li.



Yo dwe rele moun pa non li epi trete l avèk jantiyès.




Resevwa bon jan kalite ak swen sante ki an sekirite selon protokòl etabli yo.




Yo dwe enfòme moun nan sou depans konsiltasyon yo.



Yo pa dwe filme oswa fè foto pou difize san konsantman moun nan.



Enfòmasyon medikal moun nan pa dwe divilge ak lòt moun ki pa gen rapò ak li.




Moun nan kapab aksepte epi rejte nenpòt tretman li vle e menm mande egzeyat de fason volontè.




Moun nan dwe resevwa vizit, konpayi ak asistans espirityèl.




Moun nan gen dwa pou poze kesyon oswa pote plent sou swen sante li resevwa yo.




Ou kapab enkli moun nan, nan yon investigasyon syantifik sèlman si li baw otorizasyon.



Depi gen posibilite, yo dwe mete sinyalizasyon ak tradiktè nan lang natifnatal moun nan.




Pwofesyonèl sante a dwe genyen kat idantifikasyon travay li.



Moun nan dwe fè enskripsyon nesans pitit li nan lye kote lap viv la.



Medsen an dwe baw yon rapò sou swen moun nan te resevwa padan li te entène nan lopital la.



Tout moun ki aje de 60 ane ak plis oswa ki andikape dwe genyen atansyon preferansyèl.




# epi ranpli devwa w

Bay enfòmasyon ki veridik sou maladi, idantite epi direksyon moun nan.



Konnen epi respekte règleman entèn yo epi pwoteje enfòmasyon medikal moun nan.



Pwoteje enstalasyon ak epipman sant yo.




Chache konnen orè atansyon yo epi metòd de pèyman yo.



Trete pwofesyonèl sante yo ak respè.



Chache konnen pwosesis kijan pou w pote plent.



Baw priorite ak moun ki gen atansyon preferansyèl yo.



TOUT MOUN KA REKLAME DWA YO NAN SANT DE SANTE, LOPITAL, KLINIK OSWA SANT SANTE PATIKLYE YO. SI REPONS YO BA OU A PA SATISFEZAN, OU KAPAK ALE NAN SIPÈNTANDANS DE SANTE (Extrè lwa N°20.584 de dwa ak devwa tout pasyan).